



fason pou chwazi yon

# PLAN SANTE KALIFYE

Kèk ti konsèy itil pou chwazi yon plan nan  
mache NY State of Health

Pou jwenn plis enfòmasyon sou yon plan:

Affinity Health Plan 1(866) 247-5678  
EmblemHealth 1(866) 838-9144  
Empire BCBS 1(866) 478-0376  
Fidelis Care New York 1(888) 343-3547  
Healthfirst PHSF, Inc. 1(888) 250-2220  
MetroPlus Health Plan 1(855) 809-4073  
CareConnect 1(855) 706-7545  
Oscar 1(855) 672-2788  
United Healthcare 1(800) 444-8990  
Wellcare 1(855) 582-6172

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb NYC Health  
Insurance Link nan [www.nyc.gov/hlink](http://www.nyc.gov/hlink)  
Pou jwenn enfòmasyon ak kesyon konsènan pwoteksyon  
asirans sante ou nan MarketPlace,  
rele nimewo 1(855) 355-5777

**NYC**  
Bill de Blasio  
Mayor

Human Resources  
Administration  
Department of  
Social Services  
Steven Banks  
Commissioner

Copyright 2016, The City of New York. Human Resources Administration/Department of Social Services.  
Pou jwenn pèmisyon pou repwodwi tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte New York City Human Resources Administration.

Ou kapab konpare pri yon plan asirans sante nan NY State of Health, Mache Plan Sante Ofisyèl la. Plan asirans prive yo peye pou yon pòsyon swen sante ak sèvis ou resevwa yo. Yo kontakte avèk yon gwoup (rezo) doktè, klinik, lopital ak famasi pou bay swen sante nan pri yo dakò sou li. Li enpòtan pou ou chwazi plan asirans sante ki bon pou ou a.

Ou ka kalifye tou pou resevwa sibvansyon ki redui frè pou peye pou plan ou.

### FASON POU CHWAZI YON PLAN

Konpayi asirans yo limite nan fason yo kapab fè plan yo diferan. Plan Sante Kalifye yo kapab diferan nan twa (3) fason prensipal:

- 1 Sèvis ki Garanti yo (avantaj yo)
- 2 Livrezon Swen Sante a (tankou rezo pwofesyonèl swen sante)
- 3 Pri (ansanm ak frè pou peye pa mwa ak kantite lajan ou dwe peye lè ou resevwa swen sante)

#### 1 Sèvis ki Garanti yo

Tout plan yo garanti menm 10 avantaj yo, tankou swen nan lopital, medikaman sou preskripsyon, ak vizit nan klinik doktè. Kèk konpayi asirans ofri plan ki pa estanda, ki gen avantaj siplemantè oswa ki ranplase sèten sèvis pou lòt yo.

- Tcheke pou wè si plan an garanti medikaman ou yo ki sou lis medikaman nou rekòmande yo.
- Èske ou vle avantaj anplis 10 avantaj tout plan yo ofri? Kèk nan egzanp yo swen dan ak akiponkti. Si ou fè sa, ou kapab tcheke pou wè ki plan non-estanda ki ofri avantaj ou bezwen yo. Ou kapab konsidere tou plan ki ofri garanti pou swen dan sèlman.

#### 2 Livrezon Swen Sante

Chak plan ap gen yon diferan rezo pwofesyonèl swen sante. Ou kapab ekonomize lajan sou depans pou swen sante depi ou resevwa sèvis yo sèlman nan klinik pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan ou. Kèk plan egzije ou pou chwazi yon doktè ki pou vin Pwofesyonèl Swen Prensipal (Primary Care Provider, PCP) ou.

- Mande doktè ou wè souvan yo pou yo ba ou non plan yo vann NY State of Health aksepte yo.
- Gade rezo plan an pou wè si li gen doktè, lopital, ak klinik ki toupre kote w ap viv oswa travay.
- Konsidere kalite plan an. Plan HMO ak EPO peye sèlman pou swen sante doktè ki nan rezo a bay.
- Revize gid konsomatè pou asirans sante pou konnen kijan konpayi asirans yo konpare sou kalite swen sante a, plent yo resevwa yo, epi kontestasyon ak doleyans yo. Enfòmasyon sou nouvo konpayi asirans yo pa disponib kounye a men y ap gen fiti gid yo ladan. Pou jwenn aksè nan gid ki la kounye a, ale sou sitwèb: [www.dfs.ny.gov/consumer/hgintr.htm](http://www.dfs.ny.gov/consumer/hgintr.htm)

#### 3 Pri

Tout plan yo gen de (2) kalite pri: pri pa mwa ou peye davans (frè pa mwa) ak pri ou peye lè ou resevwa sèvis yo (depans avèk lajan pòch ou). Depans ou fè avèk lajan pòch ou gen ladan depans tankou franchiz, kopeman ak ko-asirans. Sonje pou gade toulède kalite pri yo lè w ap konsidere ki plan ki bon pou ou.

- Reflechi sou fason ou kapab gen mwayen pou peye chak mwa pou pwoteksyon asirans ou.
- Reflechi sou kantite fwa w ap bezwen sèvis swen sante ak kantite lajan w ap gen pou peye pou sèvis sa yo. Èske plan an gen yon franchiz (kantite lajan w ap gen pou peye anvan plan an peye pou sèvis yo)? Ki kopeman ki genyen (kantite lajan fiks w ap gen pou peye pou sèvis yo tankou vizit nan klinik doktè)?



#### Kategori plan yo (nivo metal yo)

Tout plan yo separe an kat (4) nivo kotizasyon nan plan, ki rele nivo metal. Nivo metal yo dekri kijan frè pou swen sante a separe anjeneral ant oumenm ak plan sante a. Sa gen ladan frè pou peye pa mwa ak depans avèk lajan pòch ou.

**PLATIN:** Ou peye 10% / Plan an peye 90%

**LÒ:** Ou peye 20% / Plan an peye 80%

**AJAN** Ou peye 30% / Plan an peye 70%

**BWONZ:** Ou peye 40% / Plan an peye 60%

Chak plan reklame yon frè pa mwa ki diferan pou pwoteksyon li ofri a. Anjeneral, tank frè pou peye pa mwa a pi wo, tank depans ou fè avèk lajan pòch ou ap pi ba. Plan platin yo gen frè ki pi wo pou peye pa mwa ak depans avèk lajan pòch ou ki pi ba. Plan bwonz yo gen frè ki pi piti pou peye pa mwa ak depans avèk lajan pòch ou ki pi wo. Tout plan yo limite kantite total kotizasyon nan frè ou chak ane ("depans maksimòm avèk lajan pòch" ou).

Ou ka kalifye pou resevwa èd lajan pou bese frè pa mwa ou pou peye plan an an/oswa depans avèk lajan pòch ou. Si ou kalifye pou resevwa rediksyon nan kotizasyon nan frè (depans avèk lajan pòch ou ki pi ba) epi si ou enskrri nan yon plan Ajan, w ap peye mwens lajan pou swen sante ou.

Jèn adilt (ki poko gen laj 30 tan) ak moun ki pa kapab jwenn pwoteksyon bon mache ka antre nan yon plan pou Medikaman ki Chè Anpil. Plan asirans sante ki chè anpil gen frè ki ba pou peye pa mwa ak yon franchiz ki wo anpil.

#### Peman Frè Asirans lan pa Mwa

Ou dwe peye premye frè pa mwa ou nan 10 jou apre ou resevwa bòdwo ou. Pwoteksyon asirans ou ap fini si ou pa gen frè pou peye pa mwa.